



Re-ouvèti New York



NEW
YORK
STATE

Direktiv pou Patwon ak Anplwaye yo nan Sant Komèsyal

Direktiv sa yo valab pou tout sant komèsyal enteryè, an ranje, ak sant magazen izin lè yo gen otorizasyon re-ouvè.

Konfòmman ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a, sant komèsyal yo ap rete fèmen jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo gen dwa re-ouvè nan rejyon ki rive nan Faz 4 la epi ki respekte direktiv ki annapre yo. Pi preziman, tout pòsyon komen enteryè nan sant komèsyal yo ki gen omwen 100,000 pye kare magazen disponib pou anfèmen dwe rete fèmen pou piblik la jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo ki nan rejyon Faz 4 yo gen dwa re-ouvè; sepandan, tout magazen ki pa gen pwòp antrè eksteryè pa yo gen dwa fonksyone gras a pase pran sou twotwa nan Faz 1 ak 2 epi pote atik kliyan yo achte nan oswa toupre antrè jeneral sant komèsyal la epi magazen ki gen pwòp antrè eksteryè pa yo ki separe de antrè jeneral sant komèsyal la (paregzanp sant komèsyal an ranje, magazen potomitan), gen dwa ouvè pou pase pran sou twotwa ak nan magazen nan Faz 1 ak tout aktivite vant an detay nan magazen nan Faz 2. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Sant Komèsyal yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/mèt/administratè sant komèsyal dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite sant komèsyal epi fè chanjman sa yo antrè nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ An kowòdonasyon avèk tout magazen, limite prezans mendèv la ak kliyan yo a 50% pou piplis kantite moun maksimòm yon magazen kapab pran, sa gen ladan kliyan yo, ki dwe kenbe separasyon 6 pye de moun ki pa ni nan gwoup yo a, ni rete nan menm kay avèk yo, ni nan fanmi pwòch yo epi, nan tout ka yo, yo dwe kite yo antrè nan sant komèsyal la ak biznis yo ki nan sant komèsyal la sèlman si yo mete kachnen akseptab; depi yo gen plis pase laj 2 zan epi kapab tolere youn sou plan medikal. ✓ Dwe gen yon distans 6 pye ant anplwaye yo ak kliyan yo, sòf si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans pi kout (paregzanp sèvi ak kès lajan, deplase machandiz). Anplwaye yo dwe kouvri figi yo lè yo a yon distans ki mwens pase 6 pye de yon lòt moun ak chak fwa y an kontak avèk kliyan yo. ✓ Siveye ak kontwòl sikilasyon k ap antrè nan sant komèsyal la pou verifye respè egzijans yo sou kapasite maksimòm nan, epi entèdi pou kliyan yo rasanble ak flannen. ✓ Kenbe kont anplwaye/sekirite pou siveye sikilasyon an epi verifye gwoup yo respekte limitasyon distans sosyal yo epi pa rasanble. ✓ Fèmen oswa chanje komodite yo lè sa posib, sa gen ladan: <ul style="list-style-type: none"> • Fèmen zòn komen pou chita yo andedan sant komèsyal la. • Fèmen ba kote moun sèvi tèt yo epi pa bay echantiyon manje. • Fèmen fontèn dlo yo. ✓ Sispann sèvis valè. ✓ Etabli zòn ki deziyen pou livrezon, avèk lemwens kontak posib. ✓ Apati de 20 out 2020, Pati Responsab yo gen dwa ouvè zòn limite pou chita nan espas restoran an; depi, sepandan, zòn pou chita sa yo ak etablisman sèvis manje ki andedan espas restoran an ap fonksyone konfòmman ak "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Sèvis Manje pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency) DOH yo, sa gen ladan tout separasyon obligatwa ant tab ki gen chèz yo, distans sosyal ant gwoup yo ak kliyan yo, ak limit sou kantite moun yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Adapte orè sant komèsyal la pou redui kontak ant moun ak rasanbleman epi pèmèt pi bon pwosedi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan. ✓ Chanje itilizasyon espas travay yo ak zòn pou chita yo ak/oswa mete restriksyon sou kantite yo pou kenbe distans 6 pye a nan tout direksyon yo. ✓ Chanje aranjman sant komèsyal la epi make distans sosyal la avèk tep oswa panno ki montre 6 pye espas nan zòn ki sèvi souvan yo ak lòt zòn kote sa nesese (paregzanp pòs pou anrejistre depa/arive, kyòs nan sant komèsyal la, sal repo). ✓ Kreye koridò oswa reyon ki ale nan yon sèl sans, oubyen re-ranje sikilasyon an. ✓ Deziyen zòn pou pase pran sou twotwa pou magazen enteryè yo. ✓ Bay antrè ak sòti separe ki make klè. ✓ Mete sou pye yon sistèm livrezon machandiz san manyen, kote chofè yo rete andedan machin nan pandan livrezon an ap fèt. Si sa pa posib, bay ekipman pwoteksyon pèsònèl pou pwosesis livrezon an, ki gen ladan yo, ominimòm, kachnen. ✓ Ankouraje kliyan yo sèvi avèk opsyon peman san manyen oswa peman alavans.

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv sa yo valab pou tout sant komèsyal enteryè, an ranje, ak sant magazen izin lè yo gen otorizasyon re-ouvè.

Konfòmman ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a, sant komèsyal yo ap rete fèmen jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo gen dwa re-ouvè nan rejyon ki rive nan Faz 4 la epi ki respekte direktiv ki annapre yo. Pi preziman, tout pòsyon komen enteryè nan sant komèsyal yo ki gen omwen 100,000 pye kare magazen disponib pou anfèmen dwe rete fèmen pou piblik la jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo ki nan rejyon Faz 4 yo gen dwa re-ouvè; sepandan, tout magazen ki pa gen pwòp antrè eksteryè pa yo gen dwa fonksyone gras a pase pran sou twotwa nan Faz 1 ak 2 epi pote atik kliyan yo achte nan oswa toupre antrè jeneral sant komèsyal la epi magazen ki gen pwòp antrè eksteryè pa yo ki separe de antrè jeneral sant komèsyal la (paregzanp sant komèsyal an ranje, magazen potomitan), gen dwa ouvè pou pase pran sou twotwa ak nan magazen nan Faz 1 ak tout aktivite vant an detay nan magazen nan Faz 2. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Sant Komèsyal yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/mèt/administratè sant komèsyal dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite sant komèsyal epi fè chanjman sa yo antrè nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Direktiv pou Patwon ak Anplwaye yo nan Sant Komèsyal

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Sistèm Filtrasyon Lè nan Bilding	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anvan moun yo retounen nan yon bilding ki te fèmen nèt, fè verifikasyon, travay, ak evalyasyon anvan retou a pou sèten anviwònman an sen ak san danje. Sistèm sa yo gen ladan yo pami lòt bagay sistèm mekanik, sistèm dlo, asansè, ak sistèm chofaj ak lè kondisyone. ✓ Pou sant komèsyal ki pi gran pase 800,000 pye kare, verifie filtrasyon sistèm chofaj ak lè kondisyone a respekte nòm filtrasyon ki klase pi wo a epi ki konpatib avèk sistèm sipò filtè ak tretman lè ki enstale kounye a, ak MERV-13 minimòm, oswa yon klasman endistri ekivalan oswa pi wo (paregzanp, HEPA), si sa nesèsè, epi dapre jan yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi ki gen sètifikasyon pou chofaj ak lè kondisyone, yon pwofesyonèl ki gen sètifikasyon ASHRAE, yon pwofesyonèl modènizasyon sètifye, oswa yon enjènnyè konstriksyon pwofesyonèl ki gen pèmi New York, sètifye l ak dokimante l. ✓ Si yon sant komèsyal ki pi gran pase 800,000 pye kare pa kapab respekte klasman filtrasyon sistèm chofaj ak lè kondisyone pou bilding omwen MERV-13 la, sant komèsyal la dwe fè yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi ki gen sètifikasyon pou chofaj ak lè kondisyone, yon pwofesyonèl ki gen sètifikasyon ASHRAE, yon pwofesyonèl modènizasyon sètifye, oswa yon enjènnyè konstriksyon pwofesyonèl ki gen pèmi New York, sètifye ak dokimante sistèm sipò filtè ak tretman lè ki enstale kounye a pa t ap kapab bay nivo minimòm chofaj ak refwadisman li te kapab bay anvan ijans sante piblik COVID-19 la si nivo filtrasyon wo sa a (sa vle di, omwen MERV-13) te enstale. Anplis de sa, sant komèsyal yo dwe depeze dokimantasyon sa a devan DOH pou lekli ak apwobasyon pou li fonksyone avèk yon klasman filtrasyon pi ba MERV-11 oswa MERV-12 avèk pwotokòl anplis pou konpansasyon ayerasyon ak filtrasyon lè. Nan tout ka yo, sepandan, Pati Responsab yo dwe kenbe yon klasman filtrasyon sistèm chofaj ak lè kondisyone nan bilding ki se, omwen, MERV-11. <ul style="list-style-type: none"> • Anplis de sa, sant komèsyal ki pa kapab respekte yon klasman filtrasyon omwen MERV-13 dwe mete anplas plis pwotokòl konpansasyon ayerasyon ak filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC yo, lè sa apwopriye, sa gen ladan: 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou sant komèsyal ki pi gran pase 800,000 pye kare epi ki respekte klasman omwen MERV-13 pou filtrasyon sistèm chofaj ak lè kondisyone nan bilding, epi pou sant komèsyal ki gen mwens pase 800,000 pye kare, anvizaje adopte plis pwotokòl pou konpansasyon ayerasyon ak filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC yo, sitou pou bilding ki gen plis pase 15 lane, sa gen ladan: <ul style="list-style-type: none"> • Ogmante debi ayerasyon yo ak ayerasyon ak lè deyò leplis posib; • Fè sistèm yo mache pandan pi lontan (paregzanp, 24 sou 24, 7 jou sou 7 si sa posib); • Dezaktive ayerasyon sou demann, lè sa rezonab, men toujou kenbe sistèm ki ogmante lè fre (paregzanp, sal konferans oswa reyinyon); • Ouvè volè ayerasyon ak lè deyò yo pou redui oswa elimine resikilasyon leplis posib; • Anvizaje enstalasyon radyasyon jèmisid ultravyolè (ultraviolet germicidal irradiation, UVGI) ki fèt ak deplwaye kòm sadwa pou dezaktive patikil viris ki nan lè a; • Sele rebò filtè yo pou limite devyasyon; epi/oswa • Enspekte sistèm yo ak filtè yo regilyèman pou verifie y ap mache byen, epi filtè yo byen enstale, yo fè sèvis ladan yo epi dire sèvis yo poko fini. <p>(Pou rekòmandasyon presi sou sistèm filtrasyon lè nan bilding, tanpri konsilte "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Sant Komèsyal yo pandan COVID-19").</p>



Re-ouvèti New York



Direktiv sa yo valab pou tout sant komèsyal enteryè, an ranje, ak sant magazen izin lè yo gen otorizasyon re-ouvè.

Konfòmman ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a, sant komèsyal yo ap rete fèmen jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo gen dwa re-ouvè nan rejyon ki rive nan Faz 4 la epi ki respekte direktiv ki annapre yo. Pi prezizeman, tout pòsyon komen enteryè nan sant komèsyal yo ki gen omwen 100,000 pye kare magazen disponib pou anfèmen dwe rete fèmen pou piblik la jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo ki nan rejyon Faz 4 yo gen dwa re-ouvè; sepandan, tout magazen ki pa gen pwòp antrè eksteryè pa yo gen dwa fonksyone gras a pase pran sou twotwa nan Faz 1 ak 2 epi pote atik kliyan yo achte nan oswa toupre antrè jeneral sant komèsyal la epi magazen ki gen pwòp antrè eksteryè pa yo ki separe de antrè jeneral sant komèsyal la (paregzanp sant komèsyal an ranje, magazen potomitan), gen dwa ouvè pou pase pran sou twotwa ak nan magazen nan Faz 1 ak tout aktivite vant an detay nan magazen nan Faz 2. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Sant Komèsyal yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/mèt/administratè sant komèsyal dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite sant komèsyal epi fè chanjman sa yo antrè nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Sistèm Filtrasyon Lè nan Bilding (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> Ogmante debi ayerasyon yo ak ayerasyon ak lè deyò leplis posib; Fè sistèm yo mache pandan pi lontan (paregzanp, 24 sou 24, 7 jou sou 7 si sa posib); Dezaktive ayerasyon sou demann, lè sa rezonab, men toujou kenbe sistèm ki ogmante lè fre (paregzanp, sal konferans oswa reyinyon); Ouvè volè ayerasyon ak lè deyò yo pou redui oswa elimine resikilasyon leplis posib; Anvizaje enstalasyon radyasyon jèmisid iltravyolè (ultraviolet germicidal irradiation, UVGI) ki fèt ak deplwaye kòm sadwa pou dezaktive patikil viris ki nan lè a; Sele rebò filtè yo pou limite devyasyon; epi/oswa Enspekte sistèm yo ak filtè yo regilyèman pou verifye y ap mache byen, epi filtè yo byen enstale, yo fè sèvis ladan yo epi dire sèvis yo poko fini. <p>✓ Pou sant komèsyal ki pi piti pase 800,000 pye kare, verifye filtrasyon sistèm chofaj ak lè kondisyon bilding nan respekte nòm filtrasyon ki klase pi wo a epi ki konpatib avèk sistèm sipò filtè ak tretman lè ki enstale kounye a, ak MERV-11 minimòm, oswa yon klasman endistri ekivalan oswa pi wo (paregzanp, HEPA), men ideyalman MERV-13, si sa nesesè, epi dapre jan yon teknisyen, pwofesyonèl, oswa konpayi ki gen sètifikasyon pou chofaj ak lè kondisyon, yon pwofesyonèl ki gen sètifikasyon ASHRAE, yon pwofesyonèl modènizasyon sètifye, oswa yon enjènnyè konstriksyon pwofesyonèl ki gen pèmi New York, sètifye l ak dokimante l.</p>	
Ekipman Pwoteksyon	<p>✓ Anplwaye yo dwe kouvri figi yo lè yo a yon distans ki mwens pase 6 pye de lòt moun epi depi y an kontak avèk kliyan yo (paregzanp ap bay kliyan enfòmasyon, pase yon acha).</p> <p>✓ Anplwaye yo dwe bay anplwaye yo yon kouvèti vizaj akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman.</p> <p>✓ Pami bagay ki akseptab yo pou kouvri figi genyen, pami lòt, twal (paregzanp, sa ki koud lakay, mòso rad, bandana) ak mask chirijikal, sòf si nati travay la egzije PPE pi estrik (paregzanp respiratè N95, ekran pou figi).</p>	

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv sa yo valab pou tout sant komèsyal enteryè, an ranje, ak sant magazen izin lè yo gen otorizasyon re-ouvè.

Konfòmman ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a, sant komèsyal yo ap rete fèmen jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo gen dwa re-ouvè nan rejyon ki rive nan Faz 4 la epi ki respekte direktiv ki annapre yo. Pi preziman, tout pòsyon komen enteryè nan sant komèsyal yo ki gen omwen 100,000 pye kare magazen disponib pou anfèmen dwe rete fèmen pou piblik la jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo ki nan rejyon Faz 4 yo gen dwa re-ouvè; sepandan, tout magazen ki pa gen pwòp antrè eksteryè pa yo gen dwa fonksyone gras a pase pran sou twotwa nan Faz 1 ak 2 epi pote atik kliyan yo achte nan oswa toupre antrè jeneral sant komèsyal la epi magazen ki gen pwòp antrè eksteryè pa yo ki separe de antrè jeneral sant komèsyal la (paregzanp sant komèsyal an ranje, magazen potomitan), gen dwa ouvè pou pase pran sou twotwa ak nan magazen nan Faz 1 ak tout aktivite vant an detay nan magazen nan Faz 2. Gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Sant Komèsyal yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/mèt/administratè sant komèsyal dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite sant komèsyal epi fè chanjman sa yo antrè nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ekipman Pwoteksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Yo dwe netwaye oswa ranplase kachnen yo lè yo fin sèvi epi plis pase yon sèl moun pa ka sèvi avèk yo. ✓ Patwon yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo mete, wete, netwaye ak jete PPE yo, sa gen ladan kachnen yo. ✓ Limite kantite moun ki sèvi ak menm bagay la (paregzanp zouti, kès lajan, ak machin) epi dekouraje pou moun manyen menm sifas yo; oswa, lè gen kontak avèk bagay plizyè moun itilize oswa zòn moun manyen souvan, mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal); oswa, dezenfekte oswa lave men anvan ak apre kontak. ✓ Egzije pou anplwaye yo mete gan pandan y ap manyen kèlkeswa pwodui alimantè a. 	
Ijyèn, Netwayaj, ak Itilizasyon Dezenfektan	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans ijyèn ak asenisman yo ki sòti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis sou sit la ki gen ladan dat ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Mete ak kenbe pòs ijyèn men, sa gen ladan pou lave men avèk savon, dlo, ak sèvyèt papye, epitou dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan pou zòn kote lave men pa disponib/posib. ✓ Mete dezenfektan pou men disponib toupatou nan sant komèsyal la pou anplwaye yo ak kliyan yo. ✓ Netwaye ak dezenfekte sant komèsyal la regilyèman epi netwaye ak dezenfekte pi souvan zòn ki gen anpil risk anpil moun itilize ak sifas moun manyen souvan. Konsilte pwodwi Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la te idantifye kòm efikas kont COVID-19. ✓ Dezenfekte men anvan ak apre transfè yon chay (paregzanp chay kamyon) machandiz. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Mete dezenfektan pou men nan antrè sant komèsyal la, nan kyòs enfòmasyon yo, ak nan antrè magazen yo.

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Direktiv sa yo valab pou tout sant komèsyal enteryè, an ranje, ak sant magazen izin lè yo gen otorizasyon re-ouvè.

Konfòmman ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a, sant komèsyal yo ap rete fèmen jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo gen dwa re-ouvè nan rejyon ki rive nan Faz 4 la epi ki respekte direktiv ki annapre yo. Pi preziman, tout pòsyon komen enteryè nan sant komèsyal yo ki gen omwen 100,000 pye kare magazen disponib pou anfèmen dwe rete fèmen pou piblik la jiska vandredi 10 jiyè 2020 kote sant komèsyal yo ki nan rejyon Faz 4 yo gen dwa re-ouvè; sepandan, tout magazen ki pa gen pwòp antrè eksteryè pa yo gen dwa fonksyone gras a pase pran sou twotwa nan Faz 1 ak 2 epi pote atik kliyan yo achte nan oswa toupre antrè jeneral sant komèsyal la epi magazen ki gen pwòp antrè eksteryè pa yo ki separe de antrè jeneral sant komèsyal la (paregzanp sant komèsyal an ranje, magazen potomitan), gen dwa ouvè pou pase pran sou twotwa ak nan magazen nan Faz 1 ak tout aktivite vant an detay nan magazen nan Faz 2. Gade "Rekòmansasyon Pwovizwa pou Sant Komèsyal yo pandan COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Malls) pou detay konplè.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout pwopriyete/mèt/administratè sant komèsyal dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite sant komèsyal epi fè chanjman sa yo antrè nan fonksyonman yo. Rekòmansasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

Direktiv pou Patwon ak Anplwaye yo nan Sant Komèsyal

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj, ak Itilizasyon Dezenfektan (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Mete anplas mezi pou limite kantite moun ki sèvi ak menm bagay la (paregzanp kès lajan), epitou ki manyen menm sifas yo; oswa, egzijè pou anplwaye yo mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal) lè y an kontak avèk bagay lòt moun manyen oswa sifas yo manyen souvan; oswa, egzijè pou anplwaye yo dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak. 	
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ou li ak konprann direktiv pou endistri an eta a pibliye yo, epi ou pral aplike yo. ✓ Mete panno anedan ak andeyò sant komèsyal la pou fè pèsònèl la ak kliyan yo sonje pou yo respekte bonjan ijyèn, règ distans sosyal yo, itilizasyon apwopriye PPE, ak pwotokòl pou netwaye ak dezenfekte yo. ✓ Afiche plan sekirite konplè kote ki fasil pou wè nan lokal la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye yo ak kliyan yo ak mwayen pou bay dènye enfòmasyon yo. Reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè evalyasyon sante obligatwa (paregzanp kesyonè) pou anplwaye yo epi, lè sa posib, kliyan yo (men pa egzijè sa pou kliyan yo oswa pèsònèl livrezon an), k ap poze kesyon sou (1) sentòm COVID 19 pandan 14 dènye jou yo, (2) tès COVID 19 pozitif nan 14 dènye jou yo, ak/oswa (3) kontak sere oswa rapwoche avèk yon ka COVID 19 yo konfime oswa sispèk pandan 14 dènye jou yo. Egzaminen tout repons depistaj yo chak jou epi kenbe yon dosye sou egzamen sa a. ✓ Yo pa dwe kite yon moun ki gen depistaj sentòm COVID 19 pozitif antrè nan lye travay la epi yo dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou l kontakte pwofesyonèl medikal li pou evalyasyon ak tès. ✓ Mete depatman sante eta ak lokal yo okouran rezilta tès COVID-19 pozitif touswit epi kolabore avèk efò depatman sante a ap fè pou retrase kontak yo. ✓ Prevwa netwayaj ak itilizasyon dezenfektan nan zòn ki te ekspozè yo si ta gen yon ka pozitif, epi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan sa a dwe gen ladan, ominimòm, tout zòn kote anpil moun pase ak sifas anpil moun manyen (paregzanp twalèt, manch pòt, distribitè otomatik). 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè depistaj a distans (paregzanp nan telefòn oswa pa kesyonè elektwonik), anvan moun yo rive nan sant komèsyal la, nan mezi sa posib. ✓ Moun k ap fè depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen epi mete bonjan PPE, sa gen ladan, ominimòm, kachnen. ✓ Yo gen dwa fè kontwòl tanperati tou dapre direktiv Komisyon pou Chans Egal nan Zafè Anplwa a (Equal Employment Opportunity Commission) oswa direktiv DOH yo. ✓ Kenbe yon rejis anplwaye ak vizitè ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan lye travay la; kliyan pa ladan (sòf si yo chwazi pou yo mete yo nan rejis la); epi livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak pa ladan. ✓ Gade rekòmansasyon DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID 19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.

WEAR A MASK.

GET TESTED.

SAVE LIVES.